



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE WORKSPORT LTD. PRAL ELAJI OPERASYON LI,
SA K AP KREYE 280 NOUVO TRAVAY NAN KONTE ERIE**

***Fabrikan kouvèti veyikil solè konstate yon kwasans eksponansyèl nan etablisman
Vil West Seneca li a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Worksport Ltd. pral investi 6 milyon dola epi elaji etablisman modèn li nan Vil West Seneca, pou ajoute 280 nouvo djòb nan mendèv li a. Konpayi an, ki nan lis Mache Bousye Nasdaq [NASDAQ: WKSP], fabrike kouvèti tonno ki mache ak sistèm solè pou kamyonèt yo. Worksport te deplase pou ale nan nouvo etablisman li an 2023, men li deja bezwen elaji pou akomode yon ogmantasyon rapid nan demann pou pwodwi li yo. Kounye a li pwodui apeprè 50 kouvèti chak jou, men adisyon nan nouvo liy fabrikasyon an pral pèmèt konpayi an pwodui jiska 900 kouvèti pa jou.

"Eta New York ap bay travayè kalifye yo ak resous enpòtan ti biznis yo bezwen pou grandi ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Worksport te kòmanse ak jis yon ti ponyen moun ak yon gwo lide; jis kèk ane pita li pral pran dè santèn travayè yo reponn ak demann k ap grandi pou pwodwi li yo. Nou fyè dèske Worksport ap chwazi investi nan Eta New York, ankouraje inovasyon ak teknoloji vèt, epi pran avantaj ekselan nan mendèv fabrikasyon ki gem bon jan kalite nou an."

Chèf Egzekitif Worksport la, Steven Rossi, te deklare, "To kwasans Worksport la depase atant ki pi optimis nou yo. Nou remèsye Eta New York paske li sipòte ak kwè nan konpayi nou an pandan n ap fè efò pou kreye travay alavni, ak kouvèti kamyonèt revolisyonè ki amelyore eksperyans kondwi a."

Worksport te devlope yon etablisman dènnye modèl nan 2500 N. America Drive an 2023 pou fabrike kouvèti rijid ak fleksib pou kamyonèt yo epi li te ajoute tou kouvèti tonno solè SOLIS yo, ki gen yon sistèm batri entegre pou bay chofè yo yon sistèm elektrisite pòtab nenpòt kote yo vwayaje. Konpayi an te reyalize byen vit ke li ta bezwen ajoute uit liy fabrikasyon anplis nan mezi pou reponn ak aso kòmand yo ak grandi pòsyon mache li yo nan endistri teknoloji pwòp la. Dènnye pwojè a nan etablisman West Seneca a pral ajoute machin gwo teknoloji ki nesèsè pou plis amelyore kapasite fabrikasyon yo. Konpayi an pral investi apeprè 6 milyon dola nan yon pakèt zouti atomatizasyon, sitou

nan domèn wobotik. Machin doupaj, pliyaj, ekstrizyon, ak machin Frezaj yo pral ranfòse vitès pwodiksyon, kalite ak revni.

Dènye pwojè ekspansyon Workspport la pral kreye 280 djòb sou senk ane k ap vini yo. ESD pral bay Workspport Ltd. jiska 2.8 milyon dola nan kredi taks nan pwogram Travay Excelsior la an echanj angajman pou kreye djòb Sipòte efò teknoloji pwòp tankou sa a se yon priyorite pou Eta New York epi li an amoni ak objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta New York (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) la pou diminye emisyon gaz 40 pousan dis 2030.

Komisè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lwès New York se yon pòt antre natirèl pou konpayi entènasyonal yo, tankou Workspport, k ap chèche ogmante biznis yo nan peyi Etazini lè yo gen yon etablisman pwodiksyon ki sitiye estratejikman. Devouman Gouvènè Hochul pou atire ti biznis yo lè l sipòte konpayi ki ap panse pou pi devan yo pral kontinye ranfòse ekonomi an, ankouraje inovasyon ak teknoloji vèt, epi kreye bon jan kalite djòb nan Konte Erie ak atravè eta a."

Prezidan NYPA ak rezidan Lwès New York John R. Koelmel, te deklare "Enèji bon mache ki soti nan Pwojè Enèji Niagara Otorite Enèji a se youn nan pi gwo motè kwasans ekonomik Lwès New York. Ekspansyon Workspport nan West Seneca pral estimile ekonomi rejyon an epi kreye travay nan alavni pou mendèv ki gen talan nan New York la."

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Investisman Workspport nan Konte Erie non sèlman kreye djòb, li voye yon mesaj pozitif sou avni fabrikasyon lokal nan yon nouvo endistri revolisyonè. Angajman konpayi an nan rejyon nou an ansanm ak sipò finansye New York pral benefisye rezidan yo ak ekonomi lokal la. Mwen felisite tout moun ki patisipe nan anons eksitan sa a."

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz, te deklare, "Agrandisman Workspport se yon gwo nouvèl pou Konte Erie, li ajoute travay ak investi nan nouvo teknoloji pou ogmante kapasite fabrikasyon yo yon fason sinifikatif. Enèji solè ak teknoloji vèt pral alimant avni an epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou kwayans li nan fè sa rive isit la."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Workspport Ltd. [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap

kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri vizite www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)